

DWA AK RESPONSABLITE SOU ASISTANS CHOMAJ NAN MOMAN PANDEMI

Ou te depoze yon reklamasyon pou Asistans Chomaj nan moman Pandemi an dapre Atik 2102 CARES Act 2020, Lwa Piblik (Pub. L.) 116-136. Yap pran yon detèminasyon sou kalifikasyon w, epi yo pral fè w konnen. Objektif dokiman sa a, ki rele Manyèl Dwa ak Responsablite sous Benefis Asistans Chomaj nan moman Pandemi an, se pou enfòmasyon sou dwa ak responsablite w nan kad pwogram Asistans Chomaj nan moman Pandemi an.

Pou kalifye pou benefis pou tout semèn Asistans Chomaj nan moman Pandemi an, ou dwe ranpli kondisyon sa yo:

1. Ou dwe kapab ak disponib pou travay dapre lwa eta a, eksepte nan sikonstans sa yo:
 - a) Ou pap travay paske ou te dyagnostike avèk COVID-19.
 - b) Ou pap travay paske ou santi sentòm COVID-19 epi wap chèche mwayen pou jwenn yon dyagnostik medikal.
 - c) Ou pap travay paske wap pran swen yon manm fanmi oswa yon moun lakay ou ki te gen COVID-19.
 - d) Ou pap travay paske ou se moun prensipal kap pran swen yon timoun oswa yon lòt moun lakay ou ki pa ka ale lekòl oswa yon lòt etablisman paske etablisman an fèmen akòz konsekans dirèk COVID-19, epi ou pa kapab travay paske etablisman an fèmen.
 - e) Ou pap travay paske ou pa ka rive nan andwa travay ou a paske ijans sante piblik enpoze pou moun antre an karantèn.
 - f) Ou pap travay paske ou pa ka rive nan andwa wap travay la paske yon founisè swen sante te avize w pou mete tèt ou an karantèn.
 - g) Ou te planifye pou w kòmanse travay men ou pat ka rive nan travay la oswa travay la pa disponib pou ou ankò akòz konsekans dirèk COVID-19.
 - h) Wap sèvi kòm sous revni prensipal ak sipò pou fanmi w paske tèt fanmi lan te mouri akòz konsekans dirèk COVID-19.
 - i) Ou te oblije kite travay ou a akòz konsekans dirèk COVID-19.
 - j) Andwa travay ou a fèmen akòz konsekans dirèk COVID-19.
 - k) Ou se yon kontraktè endepandan epi ijans sante piblik COVID-19 gravman limite kapasite w pou kontinye fè aktivite travay òdinè w yo.

2. Ou se yon moun kap travay avèk tèt ou, wap chèche travay a tan pasyèl, oswa ou pa kalifye pou Asistans Reyansplwa leta a oswa lòt benefis chomaj federal epi ou nan youn nan senaryo ki anwo yo.

3. Ou dwe bay dokiman ki pwouve travay ou oswa ou tap travay avèk tèt ou, oswa ou te fè plan pou w al kòmanse yon travay oswa pou w al kòmanse travay avèk tèt ou. Si w te ranpli premye aplikasyon pou PUA w la nan dat 31 Janvyè 2021 oswa aprè, ou dwe bay dokiman sa a nan lespas 21 jou aprè dat ou te fin ranpli premye aplikasyon pou PUA w la. Si aktyèlman wap resevwa benefis PUA apati de 27 Desanm, 2020 oswa aprè, ou dwe bay prèv travay ou, ou tap travay avèk tèt ou, oswa travay potansyèl ou. Si w pa bay dokiman ki nesèsè yo, sa pral lakòz ou resevwa yon detèminasyon ki di ou pa kalifye ak/oswa yon peman anplis dapre enfòmasyon ki disponib yo. Ou pral resevwa enfòmasyon yo nan bwat resepsyon CONNECT ou a ki eksplike kijan pou telechaje dokiman sa a. Dokiman ke w soumèt aprè dat limit la kapab akseptab sèlman si w bay prèv ki montre gen rezon valab ki fè ou pat ka bay enfòmasyon yo nan dat limit la.

Dokimantasyon pou pwouve travay ou oswa ou tap travay avèk tèt ou dwe demontre ke travay la te deja ekziste oswa travay ou tap fè avèk tèt ou a te deja ekziste pandan kòmansman ane fiskal aplikab la ak dat ou te depoze aplikasyon PUA pou benefis chomaj yo. Si dat efektif reklamasyon w lan se pou ane 2020, lè sa a, ane taks aplikab ou a se 2019. Si dat efektif reklamasyon w lan se pou ane 2021, lè sa a, ane taks aplikab ou a se 2020.

Dokiman ki akseptab pou pwouve travay ou enkli:

1. Souch chèk;
2. Deklarasyon sou salè w, ak deklarasyon depa w nan travay la ki montre non patwon an ak adrès li; oswa
3. Fòm W-2.

Dokiman akseptab ki pwouve ou tap travay avèk tèt ou enkli:

1. Nimewo idantifikasyon Leta a oswa nimewo idantifikasyon Federal anplwayè a;
2. Lisans Biznis;
3. Deklarasyon Taks;
4. Resi acha pou biznis lan; oswa
5. Afidavi siyen ki soti nan men moun ki ka verifye ke ou tap travay avèk tèt ou.

Dokiman akseptab ki pwouve ou te fè plan pou w al kòmanse yon travay enkli:

1. Lèt ki ofri w travay la; oswa
2. deklarasyon/afidavi sou sèman moun nan (avèk non ak enfòmasyon pou kontakte li) ki verifye ke yo te ofri w travay la.

Dokiman akseptab ki pwouve ou fè plan pou w al kòmanse travay avèk tèt ou enkli:

1. lisans biznis lan;
2. Nimewo idantifikasyon Leta a oswa nimewo Idantifikasyon Federal anplwayè;
3. Plan alekri biznis lan; oswa
4. Yon akò kontra lwaye.

4. Kantite minimòm benefis chak semèn nan se \$125, epi kantite maksimòm benefis chak semèn nan se \$275. Ou dwe bay dokiman pou pwouve salè ou nan lespas 21 jou kalandriye apati de dat ou te ranpli reklamasyon w lan.

a) Kantite benefis Asistans Chomaj nan moman Pandemi w lan detèmine dapre peryòd debaz yo, ki oblije w pou bay prèv salè ou yo. Ou dwe soumèt dokiman yo nan lespas 21 jou apre dat ou depoze reklamasyon w lan. Si w pa soumèt prèv sou salè a nan 21 jou, montan benefis chak semèn ou ap ajiste a kantite minimòm benefis chak semèn nan dapre 20 CFR, Chapit V, Atik 625.6. Sepandan, yo pral aksepte yon demann pou rekonsiderasyon monetè nenpòt ki lè pandan Peryòd Asistans Pandemi an, ki se 27 Janvyè 2020 jiska 14 Mas 2021. Deklarasyon taks ou oswa W-2 w la pou ane fiskal aplikab anvan an, lè yo te deklare pandemi an se dokiman sa yo ki preferab. Si w se yon moun ki tap travay avèk tèt ou, wap bezwen tou bay deklarasyon taks ou ki enkli yon kopi fòmilè ki apwopriye yo pou verifye deklarasyon sou pwofi ak pèt ou konfwonte. Yo itilize Revni nèt yo pou kalkile kantite lajan benefis chak semèn yo.

b) Peryòd debaz ke yo itilize pou kalkile montan benefis chak semèn PUA a se dènye ane fiskal ki te fini anvan an, lè ou te ranpli premye aplikasyon pou PUA w la. Si dat efektif reklamasyon w lan se pou ane 2020, lè sa a, ane taks aplikab ou a se 2019. Si dat efektif reklamasyon w lan se pou ane 2021, lè sa a, ane taks aplikab ou a se 2020.

c) Pou w fè demann pou yon Rekonsiderasyon Monetè, konekte sou kont ou an sou entènèt <http://www.floridajobs.org> oswa kontakte Depatman an nan 1-833-FL-APPLY pou ede w ranpli demann pou rekonsiderasyon oswa pou ède w konprann detèminasyon sa a.

Konekte sou kont ou a sou entènèt nan FloridaJobs.org

- Chwazi Iyen Detèminasyon ak Rezime Zafè ki an Atant yo nan paj dakèy ou a.
- Chwazi Detèminasyon Monetè nan pwochènn ekran an epi chwazi opsyon Gade Avi Detèminasyon Monetè w la.
- Endike ki pwoblèm ki genyen avèk detèminasyon monetè w la epi chwazi opsyon Demann pou Rekonsiderasyon an.
- Ranpli fòm Demann pou Rekonsiderasyon an epi si sa apwopriye, bay prèv ki nesèsè pou sipote demann ou an.

5. Ou dwe fè demann pou peman benefis ou yo jan yo di pou w fè l la. Si ou pa fè demann pou benefis yo alè jan yo pwograme l la ak/oswa jan yo di pou w fè l la sa ka lakòz yon reta nan benefis yo oswa wap pèdi benefis ou yo.
6. Ou dwe rapòte tout òf travay ke yo fèt w. Si ou refize okenn rekòmandasyon travay apwopriye, ou ka diskalifye pou resevwa benefis yo.
7. Ou pa dwe gen kapasite pou w fè travay a distans pou lajan oswa wap resevwa peman pou konje maladi oswa lòt benefis ke yo peye w.
8. Ou dwe rapòte tout èdtan ou te fè wap travay kèlkeswa si w te resevwa peman pou travay ou fè yo. Ou dwe rapòte salè anvan taks ou yo avan tout dediksyon epi mete tout poubwa (tip), lwaye ak repa. Peman pou Rezèvis Militè ak peman Gad Nasyonal dwe rapòte kòm salè osi byen ke revni pou retrèt.
9. Si wap travay avèk tèt ou, **ou dwe rapòte salè avan taks pou semèn ou touche a.**
10. Ou dwe rapòte tout chanjman nan adrès ou.
11. Dwa Dapèl: Detèminasyon sa a pral definitiv sòf si yon demann pou rekonsiderasyon oswa yon apèl depoze nan 20 jou almanak apre dat distribisyon/dat yo poste detèminasyon sa a. Si 20yèm jou a se yon jou ferye, Samdi, Dimanch oswa yon jou ferye pou eta kote wap viv la, ou ka depoze apèl la nan pwochen jou ouvab la.

Ranpli yon apèl sou entènèt nan connect.myflorida.com oswa poste l nan RA Appeals; P.O. BOX 5250 TALLAHASSEE, FL 32399-5250; or fax to (850) 617-6504.

Metè non reklaman an ak nimewo sekirite sosyal li sou tout apèl. Si w ranpli l sou entènèt, dat konfimasyon an se dat sa a ou depoze l. Si w poste l, dat ki sou tenb lan se dat sa a ou depoze l. Si ou fakse l, dat yo make yo resevwal la se dat sa a ou depoze l.

Si ou gen lòt dokiman pou pwouve salè ou, ou ka faks enfòmasyon ou nan: 1-800-222-7934 oswa 1-850-617-6505, oswa soumèt yo atravè lapòs US nan:

**PUA Unit
P.O. Box 5350
Tallahassee, FL 32314-5350**

Si ou gen kesyon sou reklamasyon w lan, tanpri rele 1-833-FL-APPLY.

Pinisyon kont Fwòd: Benefis PUA yo se fon federal ki mache ak pinisyon ke lwa federal preskri kont moun ki volontèman fè fo deklarasyon oswa kache laverite pou yo ka jwenn peman asistans kote yo pa tap kalifye pou resevwa.

20 CFR 625

Yon pwogram pou anplwayè opòtinite egal. Èd ak sèvis oksilyè yo disponib sou demann pou moun ki gen andikap yo. Moun ki itilize aparèy TTY/TDD atravè Sèvis Relè Florid 711 kapab jwenn tout nimewo telefòn vokal yo sou sit entènèt sa a.

DEO PUA 01/2021